

RAKONTÈ: Video sa a gen bonjan enfòmasyon itil sou odyans pou demann azil.
Wap jwenn plis detay ak nouvell enfòmasyon sou sitwèb nou an : irb.gc.ca

MIZIK: Gen yon ti mizik de fon k ap jwe pandan tout videyo a.

RAKONTÈ: Kounye a ke ou fin fè demann azil, ou ka gen kesyon sou pwosesis ak pwosedi ke Seksyon Pwoteksyon Refijye (SPR) a ap swiv. Video sa a bay repons pou ede w pi byen konprann kèk opsyon ke w genyen lè w ap soumèt fòm ak dokiman ou yo oubyen lè w gen yon odyans.

Lè demann ou an refere bay SPR, w ap resevwa yon *Lèt konfimasyon referans*, ansanm ak *Fòm Baz demann* nan. Ou va itilize Fòm Baz demann nan pou w bay enfòmasyon sou demann refijye ou a, ak tout detay sou kiyès ou ye ak poukisa w ap chache azil o Kanada.

RAKONTÈ: Men kèk kesyon ou k ap jwenn.

Si yo te mande w voye Fòm Baz demann ou an bay SPR, li trè enpòtan pou w voye fòm nan nan 45 jou kalandriye maksimòm apati jou ke demann ou an te ale nan SPR.

Si w pa ka jwenn dat final la oubyen ou pa sèten, ou dwe kontakte SPR. Ou ka jwenn enfòmasyon kontak nou sou sitwèb Komisyon Imigrasyon ak Refijye ou CISR.

RAKONTÈ: Si w santi ke ou pap gen tan voye Fòm Baz Demann ou an **nan delè a**, ou kapab mande plis tan. Itilize fòm ki sou sitwèb SPR la pou w ka eksplike rezon ki fè w bezwen plis tan e di ki kantite tan ou bezwen pou w fin ranpli fòm Baz demann nan. SPR va bawou plis tan sèlman si gen sikonstan espesyal pou sa.

Si w pa gen yon konseye pou ede w oubyen ou pa gen yon òdinatè pou w ka jwenn fòm nan, ou ka ekri yon lèt pou w eksplike pouki ou bezwen plis tan. Yon Manb SPR va egzamine eksplikasyon ou yo, epi li va pran yon desizyon sou demann ou a.
L ap gen pou l fèw konnen desizyon li pran an.

RAKONTÈ: Si ou pa t kapab voye fòm Baz Demann nan **nan dat delè a** e SPR pa t bawou plis tan pou w voye li, w ap bezwen patisipe nan yon odyans espesyal pou abandon.

Nan odyans sa a, w ap bezwen eksplike rezon ki fè ou pat voye Fòm Baz Demann nan atan.

SPR va deside lè sa a, si pou li kontinye ak demann nan oubyen si se pou l deklare li abandone.

Si yo deklare ke demann ou an abandone, SPR va fèmen dosye ou a, e ou pap gen pèmasyon fè yon lòt demann azil o Canada.

RAKONTÈ: Si ou fè yon erè nan Fòm Baz Demann nan, oubyen ou bliye mete yon bagay enpòtan, ou ka fè chanjman nan fòm nan. Ou ka itilize yon kopi fòm Baz Demann nan ke ou deja voye e fè chanjman yo nan fòm sa a.

Pabliye souliye enfòmasyon ke ou chanje oubyen ke ou ajoute, epi fè yon kwa sou sa ou vle retire yo. Ou pa bezwen siyen nouvo fòm nan si w ap voye l elektronikman, tankou nan pòtay “Mon dossier” a. Men, ou dwe siyen l si wap voye l pa lapòs, pa mezon kourye yo oubyen an pèsonn. Voye nouvo Fòm Baz Demann nan bay SPR leplivèt posib. Sonje ke tout dokiman yo dwe gen dat sou yo, menm si w ap voye yo pa mwayen elektronik.

Vizite sitwèb CISR la pou w wè si pòtay “Mon dossier” a toujou disponib pou wou.

Pendan odyans la, Manb la ap gen pou l mande ou pou konfime si sa ou ekri nan Fòm Baz Demann ou an konplè e si se verite.

Nan odyans ou a, Manb la ap gen pou l poze w kesyon sou enfòmasyon ke ou bay nan Fòm Baz Demann ou an.

RAKONTÈ: Ou pa oblije anplwaye yon Konseye, men ou ka bezwen èd ak pwosesis demann azil ou a. Si ou deside anplwaye e peye yon avoka oubyen yon konsiltan nan imigrasyon kòm konseye ou, li dwe gen lisans pou sa.

Nan sèten zòn, yon notè piblik oubyen yon oksilyè lalwa kapab reprezante ou tou.

Ou responsab pou w peye konseye a amwens ke sitiasyon w fè ke ou ka benefisye yon èd jiridik.

Si ou pa kapab peye yon konseye, eseye kontakte biwo èd jiridik nan pwovens ou a pou w ka jwenn ki èd ki ka disponib. Ou ka jwenn enfòmasyon sou biwo èd jiridik yo sou sitwèb nou an.

Si èd jiridik la pa posib, ou gendwa chache lòt sipò nan kominote ou a. Chache sou entènèt “refugee claimant support” oubyen “soutien pour demandeurs d’asile”, mete non vil kote ou ye a. Sa ap bay yon lis òganizasyon ki ta kapab ba w sipò oubyen konsèy.

RAKONTÈ: Dokiman w ap voye yo dwe an anglè oubyen an franse.

Si w gen dokiman ki ekri nan yon lòt lang, ou dwe fè tradwi l swa an anglè oubyen an franse e mete tradiksyon an bo kote l.

Dokiman yo dwe tradwi pa yon moun, e tradiktè a dwe bay yon deklarasyon ki konfime ke se li ki tradwi dokiman an pou ou.

Ou pa kapab itilize lojisyèl enfòmatrik oubyen zouti tradiksyon tankou Google Translate.

RAKONTÈ: Li enpòtan pou w voye bay SPR tout lòt dokiman nesèsè leplivite ke posib oubyen 10 jou *pou pipiti* avan odyans ou an.

Pa tann delè a rive pou w soumèt prèw ou yo. Si w bezwen voye dokiman nan mwens ke 10 jou avan odyans lan, w ap bezwen mande pèmisyon. Y ap ba w pèmisyon sèlman nan yon sikonstans espesyal. W ap bezwen ranpli yon aplikasyon ki rele *Demann pou kominikasyon an reta* (Demande de communication tardive) ke ou kab jwenn sou sitwèb CISR la.

Nan fòm aplikasyon sa a, w ap bezwen eksplike klèman poukisa ou bezwen voye dokiman anplis mwens ke 10 jou avan odyans lan. Si w voye yon dokiman san aplikasyon sa a, yo p ap konsidere li.

Si ou pa genyen yon konseye pou ede w oubyen ou pa gen yon òdinatè pou w ka jwenn fòm aplikasyon an, ou ka ekri yon lèt bay SPR pou w eksplike poukisa w ap voye lòt dokiman nan mwens ke 10 jou avan odyans ou an. Yon Manb SPR ap egzamine eksplikasyon an, e li va pran yon desizyon sou aplikasyon w lan.

SPR ap gen pou w enfòme w de desizyon ki pran an.

RAKONTÈ: Timoun k ap mande azil pa bezwen patisipe nan odyans ou an, amwens ke y ap gen plis ke 18 an nan dat odyans lan, oubyen SPR ta mande yo patisipe.

Timoun ki gen mwens ke 18 an nan dat odyans lan kapab patisipe ladan si yo vle. Timoun ki pa piti yo konn pafwa vle kontribye nan bay temwayaj pa yo ou nan asiste seyans lan. Sa ta dwe diskite ak konseye ou a, si w genyen, oubyen ak moun ke ou chwazi kòm reprezantan.

Yon reprezantan chwazi se yon moun ki reprezante yon moun k ap parèt devan SPR e ki pa kapab reprezante tèt li paske li gen mwens ke 18 an oubyen paske li pa kapab konprann sa

yo rele yon odyans. Yon reprezantan chwazi, se SPR ki nome li.

RAKONTÈ: Si ou pa disponib pou w patisipe nan odyans ou an, oubyen ou pa prè pou odyans lan, ou kapab fè yon aplikasyon pou chanje dat ak lè odyans lan. Pou sa ou ka itilize fòm nan ki sou sitwèb CISR lan. SPR ap aksepte demann pou chanje dat ak lè yon odyans sèlman nan kèk sikonstans espesyal.

Sou fòm aplikasyon an, ou dwe eksplike pouki sa ou vle chanje at oubyen lè odyans ou an.

Li enpòtan pou w soumèt aplikasyon ou an leplivite ke posib e omwens 3 jou ouvrab avan odyans lan, amwens ke demann ou an se pou rezon medikal oubyen lòt kalite ijans.

Si oupagen konseye pou ede w oubyen oupagen aksè a yon òdinatè pou w jwenn fòm pou w aplike a, ou kapab ekri yon lèt bay SPR pou w eksplike poukisa ou bezwen chanje dat ak lè odyans ou an. Yon manb SPR va egzamine eksplikasyon ou an, epi li va pran yon desizyon sou aplikasyon ou a.

SPR va lèse ou konnen ki desizyon ki pran.

Si SPR refize aplikasyon ou an, ou dwe prepare w pou w vini nan dat ak lè odyans ou an te fikse a.

Si ou pa resevwa okenn repons, ou dwe vini nan odyans ou an e prepare w pou w patisipe. Manb lan a va deside sou aplikasyon w lè sa a.

RAKONTÈ: Nou toujou eseye rann pwosedi demann azil la pi efikas pou demandè yo.

Pou w ka jwenn dènye enfòmasyon yo oubyen pou w poze nou yon kesyon, ou ka toujou rele oubyen ekri a youn nan biwo rejyonal nou yo.

Sonje ke nou pa kapab bawou konsèy espesifik sou demann azil pa wou la, men nou ka ede eksplike diferan pwosedi ak pwosesis epi dirije w bay resous apwopriye ki disponib sou sitwèb CISR la.

RAKONTÈ: Pou enfòmasyon sou pwosesis demann azil la, ale sou sitwèb CISR oubyen rele

gratis nan nimewo sa a : 1-833-931-5121 pou kesyon jeneral.

RAKONTÈ: Ou kapab tou eskane kòd QR ki sou ekran an pou w ka vizite paj *kontak nou* an, kote ou ka jwenn enfòmasyon sou ki kote pou w soumèt dokiman ou yo e kòman pou w kontakte nou pou kesyon ou genyen.